

Ki jan yo kreye yon FSA ID



Federal ID a Èd elèv la (FSA ID) pèmèt elèv ak paran yo idantifye tèt yo elektwonikman epi jwenn aksè nan sit FSA a, ki gen ladan sit entènèt la FAFSA. Yon FSA ID se yon fason ki pi rapid pou paran an ak elèv la siyen aplikasyon an . Se sel mwayen sa paran an ak elèv la ka jwenn aksè oswa korije enfòmasyon yo sou entènèt.

REMAK:

- Ni Paran ak ni elèv dwe kreye pròp FSA IDs pa yo.
- Yo dwe itilize de adrès imel diferan youn pou elèv la e ou youn pou paran po yo ka fini pwosesis la.
- Menm si ou te gentan gen yon FAFSA PIN pou ane ki pase yo, ou dwe toujou kreye yon FSA ID pou ane sa a.

KISA POU FE:

- Ale nan fafsa.ed.gov epi klike sou “FSA ID” ki nan tèt paj la (li ki sanble ak yon kadna ble).
- Klike sou bouton vèt la ki make “Create an FSA ID Now” nan mitan paj la.
- Antre nan yon adrès imel ➔ konfime adrès imel la ➔ antre nan yon non itilizatè ak modpas ➔ konfime modpas ➔ klike sou “I am 13 years of age or older” ➔ klike sou “Continue.”
- Yon nouvo paj pral moute kap mande pou antre nimewo sosyal sekirite ou, dat nesans ou, ak tout non ou. Antre enfòmasyon sa yo byen ➔ klike sou “Continue.”
- Tcheke ke tout enfòmasyon yo kòrèk. Apre sa, antre adress kay ou, vil, eta, kòd postal, nimewo telefòn ou ak lang ki pi fasil pou konprann nan ➔ klike sou “Continue.”
- Chwazi epi ekri yon kesyon ak yon repons sizoka ou pa sonje modpas ou ➔ klike sou “Continue.”
Remak: repons lan pa dwe se anivèsè nesans moun nan.
- Verifye tout enfòmasyon yo ➔ klike sou ti bwat la pou sètifye ke enfòmasyon yo kòrèk ➔ aksepte Regleman & Kondisyon ➔ klike sou “Continue.”
- Y ap voye yon kòd sekirite sou imèl adress ou te bay la pou yo ka verifye ke se yon bon imèl. Asire w ke w louvri yon nouvo paj pou ka ale sou imèl ou pou ka jwenn li. Pa soti sou paj ou ye a paske se ladan l ou pral antre kòd yap voye ba ou a.
- Yap voye yon imèl pou ou kap konfime ke FSA ID ou kreye a bon e ke tout bagay ok.
- Yap voye yon lòt imèl pou ou ki gen kòd sekirite a. Retounen sou paj ou te ye a epi antre kòd sa nan kare ki nan paj la sou sit wèb FSA ID.
- Sere FSA ID ou an ak modpas pou itilize chak lè ou bezwen. Sijasyon: fè yon “nòt” nan telefòn selilè ou pou ka toujou genyen li. Se menm enfòmasyon sa yo ou pral itilize chak ane ou ap aplike pou FAFSA ak tout lòt sit FAFSA sou entènèt la.

Ale sou www.FAFSAfirst.org pou plis enfòmasyon

